15.- MATEMATIK

Man maay Inmaculada, maay jàŋgale matematik. Matematik mooy gëstu jëmële ci lépp luy kalkile ak rëdd ay plan. Ngir tàmbali niñ ko xame matematik njàŋg la moo xamni ñu bare dañ ko bañ, waaye lu neexla ci gaayiko mën.

At yi ma jàŋgale yëpp, atmuci jot dinañ ma laaj ludul benn du ñaar lu matematik jariñ ma tontuleen ni matematik amna ñetti njariñ yu am solo

Bi jëkk yëpp mooy dafa ñuy dimbële ngir ñu liggéey sunu xel ngir mu dolleeku. Ngir ñuy jëfëndikoo suñu xel namuware ndax matematik yi mooy tax ñuy jàŋgat mbir ngir xam un ñu koy doxalee, di organise am mbir ca na mu wara tëdde ba du am benn réccu ëlëg.

Ñaareel bi mooy matematik yi lañuy jëfëndikoo ngir saafara yenn jafejafe yiñiy am ci suñu dund, lu demeni xam linga lakk ci kuuraŋ ak ndox wolla telefon, dinga mënë jàŋg tamit lingay liire ci surnaal yi, muy yinga xamne boo jàŋgulee matematik doo ko mënë xam. Dina la dimbële tamit ngir nga mënë saytu sa xaalis.

Bu mujj bi mooy jeego yi am ci adduna léegi bi Yalla ak matematik yila. Dundu léegigi moo gënë naat dung gu njëkk ga. Lolu lépp ndax matematik yi. Kon daal matematik amna njariñ.

Waaye man lima gis mooy ñoom ñi ngi xam ndiariñu matematik jamano bañu mëne saafara jafejafe yu anda'k duna bi jaareko ci matematik.

Kon nak ngir ñu mën loolu jàŋgalekat bi dafa leen war teg ci yoon yi ngir ñu mënë saafara jafejafe yi, waayenak eleew yi tamit dañu wara jëfëndikoo seeni mënmën ak seen xamxam bolee'k lileen jàŋgalekat bi di jàŋgal.

Léegi nak damaleen di wax lépp li ngeen war jàŋg ci diiru ñetti at yooyu. Nga xamni nak dina faral di doon luñuu bamu ci ñetti at yooyu.

Liñiñe wara jàŋg mooy aritmetik, di gëstu jëmële ci kalkiil lu demeniki lii boo ci yookker li mu joxla, wolla lii boo ci waññee li mu joxla lii, dinañ jàŋg tamit alseebar di gëstu jëmële ci kalkiile lu bare ak sartu lim yi wolala book numero yi, dinañe jàŋg itam seometri, di gëstu jëmële ci rëdd ay plan ak si kalkiil def jàŋgukaay yi ñaata litër lañuy def lu deme niki bërigo ndox. Dinañe jàŋg tamit nuñuye tooppatoo ay xibaar.

Léegi li des nañ jàŋg nañuy xame taxawaayu eleew bi ci njàŋg mi. Muy loo xamni lu am solo la. Dinañ jëfëndikoo ñetti nàttukaay ngir xam taxawaayu eleew bi.

Bu jëkk bi di bi ci gënë am solo mooy eksamee yi, bici toopp mooye ñu xool kaye bi ndax jaxasoowul, ndax setna, ndax lu ne neekkna palaasam, ndaxit lépp lici wara neekk neekk na ci. Bu mujj bi mooy xool ndax eleew bi sawarna ci njàŋg mi am deet akit ndax mingi doon góorgóorlu am deet. Loolu dinañ ko mënë xam ci farloom.

Dewaar yiñu wara def ci kërgi dinañkoy xool kenn par kenn bis bu Yalla sàkk, liggéey bu sonnle la ndax dangay jël waxtu wu bare jaar ci taabal ju neekk ngir jeema xool li eleewe yi liggéey ca kër ga waaye nak bu yàggee dinga xamne jarnako ndax dina tax eleew bi tàmm jàŋg ca kër ga.